**QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ JASLAR SIYASATÍ HÁM SPORT MINISTRLIGI BUYRÍǴÍ**

1«avgust»2023 jıl. **623-A/F-san** Nókis qalası

# Спорттың пара велоспорт түри бойынша Қарақалпақстан Республикасы ашық чемпионатын өткериў ҳаққында

Спорттың пара велоспорт түри бойынша Қарақалпақстан Республикасы ашық чемпионатын өткериў режесине тийкарланып **буйыраман**:

1. Спорттың пара велоспорт түри бойынша Қарақалпақстан Республикасы ашық чемпионатын өткериў режеси мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

2. Спорттың пара велоспорт түри бойынша Қарақалпақстан Республикасы ашық чемпионаты 2023-жыл 2-август күни Нөкис қаласы гүзар Бухара А380 трассада өткерилсин.

3. Жарыс жеңимпазларын сыйлықлаў ушын дәрежели дипломларға сарыпланатуғын қәрежетлер қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

4. Жарысты өткериў бойынша бас төреши етип Б.Кудайбергенов ҳәм жарыс бас хаткери етип Р.Турымбетов тастыйықлансын.

5. Өзбекистан Миллий Паралимпия комитети Қарақалпақстан Республикасы бөлими (И.Рузыбаев) не:

Жарысты шөлкемлескенлик дәрежеде өткериў ҳәм тиккелей басшылық етиў;

Жарыс жуўмақланғаннан соң 3 күн мүддетте министрликке жарыс есабатларын тапсырыў;

Спорттың пара велоспорт түри бойынша Қарақалпақстан Республикасы ашық чемпионатын жоқары шөлкемлескенлик дәрежеде өткериў ушын жарыс болып өтетуғын орынды безеў, абаданластырыў жумысларын алып барыў;

жарыс ўақтында спортшылардың жарақат алыўының алдын алыў мақсетинде медицина хызметкерлери менен тәмийинлеў;

усы жарысты шөлкемлестириў ҳәм өткериўде, қатнасыўшылардың қәўипсизлигин ҳәм саламатлығын тәмийинлеў бойынша зәрүр ис-иләжларды әмелге асырыў;

IJRO.GOV.UZ тизими орқали ЭРИ билан тасдиқланган, Ҳужжат коди: RM47287381

6. Нөкис қаласы ҳәм районлық спорт мектеплерине спортшыларды қатнастырыў ўазыйпасы жүкленсин.

7. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаўды өз жуўапкершилигимде қалдыраман.

**Министр** **А.Алланазаров**

IJRO.GOV.UZ тизими орқали ЭРИ билан тасдиқланган, Ҳужжат коди: RM47287381

Қарақалпақстан Республикасы
Жаслар сиясаты ҳәм спорт министрлигиниң
1 «avgust» 2023-жылдағы
623-A/F-санлы буйрығына қосымша

Спорттың пара велоспорт түри бойынша Қарақалпақстан Республикасы
ашық чемпионатын өткериуге жумсалатуғын
қәрежетлер сметасы

1. Өткерилетуғын орны Нөкис қаласы

2. Өткерилетуғын ўақты 2023-жыл 2-август

3. Дипломлар

Дипломлар

1-орын ушын Х 2 дана Х 1 500 сўм = 3 000 сўм

2-орын ушын Х 2 дана Х 1 500 сўм = 3 000 сўм

3-орын ушын Х 2 дана Х 1 500 сўм = 3 000 сўм

Жәми 9 000 (тоғыз мың) сўм.